

# Massachusetts

## Aplikasyon pou avantaj SNAP yo



Kijan pou m aplike pou avantaj SNAP yo ?	
•	Telechaje sou <a href="#">DTA Connect</a>
•	Fakse nan <b>617-887-8765</b>
•	Poste bay <b>DTA Document Processing Center, P.O. Box 4406, Taunton, MA 02780-0420</b>
•	Eskane nan yon biwo lokal <b>DTA</b>

Siyati :	Non :	Dezyèm non :
Adrès kay la :	Vil, Eta, Kòd lapòs :	
Adrès postal ou (si l diferan)	Vil, Eta, Kòd lapòs :	
Nimewo telefòn ou :	Èske w se yon moun ki sanzabri ? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
DTA ka voye mesaj tèks ba ou konsènan dat delè yo, enfòmasyon sou dosye w la, lè biwo a ap fèmen ak lòt enfòmasyon enpòtan. Tanpri, nou vle fè w konnen yo ka fè w peye pou mesaj tèks ak done yo.		
Si w <b>pa</b> vle DTA voye mesaj tèks ba ou, tanpri tcheke bwat sa a. <input type="checkbox"/>		
Lè m siyen, sa vle di m dakò :		
<ul style="list-style-type: none"><li>• m te li tout fòm sa a (oswa yo te li l pou mwen nan yon lang m konprann), ki gen ladan l seksyon sou dwa ak responsablite yo epi m konprann mwen dwe respekte regleman sa yo ;</li><li>• enfòmasyon mwen bay yo se verite epi yo konplè dapre tout sa m konnen ;</li><li>• yo ka mete m nan prizon oswa yo ekzije m peye amand si m byen konnen enfòmasyon m bay yo pa bon oswa yo pa konplè ;</li><li>• ofisyèl nan DTA ak lòt biwo federal oswa eta a ka verifye (tcheke) nenpòt enfòmasyon m bay.</li></ul>		
Siyati :	Dat :	

- N ap aksepte aplikasyon w lan si li gen non w, adrès ou (si w gen yon adrès) ak siyati ladan l.
- Si n apwouve aplikasyon w lan, n ap ba w avantaj yo apati dat DTA te resevwa aplikasyon an.
- Rele n pou n ka fè yon entèvyou avè w nenpòt lè ant 8:15 AM ak 4:45 PM, lendi a vandredi, nan 1-877-382-2363.

## Ou ka jwenn avantaj SNAP nan yon entèval 7 jou si :

- Revni w plis lajan ou gen labank pi piti pase lajan ou peye pou lwaye pa mwa ; oswa
- Revni pa mwa w pi piti pase \$150 epi kantite lajan ou gen labank pa plis pase \$100 ; oswa
- Ou se yon travayè sezonye epi kantite lajan ou gen labank pa plis pase \$100.

Èske w gen yon kat (EBT) Massachusetts (kat pou yo depoze avantaj yo elektwonikman sou li pou ou) ?

Wi  Non

Kat EBT yo toujou bon si yo re-ouvri yon dosye apre yo te fèmen l. Si w pa gen yon kat EBT, nou ka voye youn pa lapòs ba ou oswa enprime youn pou ou nan biwo k nan lokalite a. Ou ka resevwa yon kat EBT anvan n deside si w kalifye, konsa ou ka itilize avantaj yo osito yo disponib si w kalifye pou yo. Lè w jwenn kat EBT w la, w ap jwenn tou plis enfòmasyon sou kijan pou w itilize l.



Si w bezwen èd paske w gen yon andikap, nou ka fè aranjman pou rann li pi fasil pou w travay avè n. Rele nan 1-877-382-2363 pou w mande n pou n fè yon aranjman pou ou.



Èske w se yon moun ki gen yon andikap ?

Si se wi, tanpri tcheke ki kalite andikap (yo) ou genyen :

- |                                    |  |
|------------------------------------|--|
| <input type="checkbox"/> Fizik     | <input type="checkbox"/> Entelektyèl / kapasite pou konprann ak aprann |
| <input type="checkbox"/> Pou tande | <input type="checkbox"/> Emosyonèl / lasante mantal                    |
| <input type="checkbox"/> Vizyèl    | <input type="checkbox"/> Lòt :   |

Ki mwayen kominikasyon w prefere ?

- |                                  |  |
|----------------------------------|--|
| <input type="checkbox"/> Fasafas | <input type="checkbox"/> Sèvis relè nan videyo (sig anglè a : VRS) |
| <input type="checkbox"/> Telefòn |  |

Nimewo telefòn VRS la : \_\_\_\_\_

Èske Massachusetts sètifye ou gen yon andikap ?

Wi  Non

## Enfòmasyon w yo

Nimewo sekirite sosyal :

Dat nesans :

Sèks :

Gason  Fi

Èske w ansent ?

Wi  Non

Èske w se sitwayen ameriken ?  Wi  Non

Ki lang ou prefere pale ?

**REMAK :** Moun ki pa sitwayen ameriken ki p ap aplike pou SNAP pa oblije bay nimewo sekirite sosyal oswa enfòmasyon sou sitwayènte yo.

Ki ras ou ?\*

Nwa oswa Afriken-  
Ameriken

Endyen Ameriken oswa Natifnatal Alaska

Blan

Azyatik

Natifnatal Awayi oswa moun lòt Zile Pasifik yo

Ki etnisite w ?\*

Ispanik oswa Latino

Pa Ispanik ni Latino

\* Repons ou a p ap afekte elijiblite w. Nou poze kesyon sa yo pou n asire n yo trete tout moun avèk jistis kèlkeswa ras li, koulè l oswa orijin nasyonal li. Kite espas la vid si w prefere pa reponn.

## Manb fwaye a

Èske gen lòt moun ki ret nan kay la avè w ?  Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a : Mete nan lis la sèlman pitit ou yo ki gen pi piti pase 22 lane, mari / madanm ou oswa nenpòt lòt moun ki achte ak prepare pifò repa yo avè w. Moun ki pa sitwayen ameriken ki p ap aplike pou SNAP pa oblije bay nimewo sekirite sosyal oswa enfòmasyon sou sitwayènte yo.

<u>Non</u>	<u>Dat nesans</u>	<u>Nimewo Sekirite Sosyal</u>	<u>Sa moun nan ye pou ou :</u>	<u>Èske moun nan se sitwayen ameriken :</u>	<u>Èske moun sa a ap aplike pou avantaj SNAP yo ?</u>
				<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
				<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
				<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
				<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

## Revni travay moun nan

Èske nenpòt moun te travay nan 60 dènye jou sa yo ?  Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

<u>Moun ki gen revni an</u>	<u>Kalite revni an</u>	<u>Anplwayè a</u>	<u>Chak kilè</u>	<u>Revni bri pou 4 dènye semèn yo</u>
	<input type="checkbox"/> Salè <input type="checkbox"/> Travayè endepandan <input type="checkbox"/> Lòt :		<input type="checkbox"/> Pa semèn <input type="checkbox"/> Chak 2 semèn <input type="checkbox"/> Lòt :	
	<input type="checkbox"/> Salè <input type="checkbox"/> Travayè endepandan <input type="checkbox"/> Lòt :		<input type="checkbox"/> Pa semèn <input type="checkbox"/> Chak 2 semèn <input type="checkbox"/> Lòt :	
	<input type="checkbox"/> Salè <input type="checkbox"/> Travayè endepandan <input type="checkbox"/> Lòt :		<input type="checkbox"/> Pa semèn <input type="checkbox"/> Chak 2 semèn <input type="checkbox"/> Lòt :	

## Lòt revni

Èske nenpòt moun resevwa **nenpòt lòt kalite revni** tankou lajan chomaj, pansyon alimantè pou timoun, lajan sekirite sosyal, SSI, lajan dedomajman travayè, avantaj pou ansyen militè, pansyon oswa revni lwaye ?

Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

<u>Moun ki gen revni an</u>	<u>Kalite revni an</u>	<u>Chak kilè</u>	<u>Kantite bri</u>
		<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 2 semèn <input type="checkbox"/> Pa mwa <input type="checkbox"/> Lòt :	
		<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 2 semèn <input type="checkbox"/> Pa mwa <input type="checkbox"/> Lòt :	
		<input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> Chak 2 semèn <input type="checkbox"/> Pa mwa <input type="checkbox"/> Lòt :	

## Depans pou kote yo ba w azil la

Èske fwaye a responsab pou l peye pou kote yo ba l azil la ?  Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

### Kalite :

### Kantite lajan : Chak kilè :

- |  |          |                                   |                                     |                                     |                                 |                                |
|--|----------|-----------------------------------|-------------------------------------|-------------------------------------|---------------------------------|--------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Lwaye                   | \$ _____ | <input type="checkbox"/> Chak mwa | <input type="checkbox"/> Chak semèn | <input type="checkbox"/> Chak 3 mwa | <input type="checkbox"/> Pa ane | <input type="checkbox"/> Lòt : |
| <input type="checkbox"/> Ipotèk                  | \$ _____ | <input type="checkbox"/> Chak mwa | <input type="checkbox"/> Chak semèn | <input type="checkbox"/> Chak 3 mwa | <input type="checkbox"/> Pa ane | <input type="checkbox"/> Lòt : |
| <input type="checkbox"/> Enpo lokatif*           | \$ _____ | <input type="checkbox"/> Chak mwa | <input type="checkbox"/> Chak semèn | <input type="checkbox"/> Chak 3 mwa | <input type="checkbox"/> Pa ane | <input type="checkbox"/> Lòt : |
| <input type="checkbox"/> Asirans pou kay la*     | \$ _____ | <input type="checkbox"/> Chak mwa | <input type="checkbox"/> Chak semèn | <input type="checkbox"/> Chak 3 mwa | <input type="checkbox"/> Pa ane | <input type="checkbox"/> Lòt : |
| <input type="checkbox"/> Frè pou kondominyòm nan | \$ _____ | <input type="checkbox"/> Chak mwa | <input type="checkbox"/> Chak semèn | <input type="checkbox"/> Chak 3 mwa | <input type="checkbox"/> Pa ane | <input type="checkbox"/> Lòt : |
| <input type="checkbox"/> Lòt :                   | \$ _____ | <input type="checkbox"/> Chak mwa | <input type="checkbox"/> Chak semèn | <input type="checkbox"/> Chak 3 mwa | <input type="checkbox"/> Pa ane | <input type="checkbox"/> Lòt : |

\* Kite espas pou enpo lokatif la ak asirans pou kay la vid si yo deja antre nan peman ipotèk la.

## Lajan w peye pou sèvis piblik yo

Èske fwaye a responsab pou l peye pou sèvis piblik yo **apa** pou kote yo ba l azil la ?  Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

- |  |  |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Chofaj (lwil, gaz, elektrisite oswa pwopàn, elatriye) | <input type="checkbox"/> Elektrisite ak / oswa gaz (apa pou chofaj) ; dlo, egou pou dlo sal ; ak / oswa pran fatra |
| <input type="checkbox"/> Elektrisite pou è kondisyone nan ete                  |  |
| <input type="checkbox"/> Yon frè pou itilize è kondisyone a nan ete            | <input type="checkbox"/> Sèvis telefòn oswa pòtab (menm si w peye alavans)   |

## Lajan w peye pou pran swen moun ki soukont ou

Èske gen moun ki responsab pou peye pou pran swen granmoun oswa timoun ?  Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

**Non timoun oswa  
moun ki soukont ou a**

**Kantite  
lajan w peye**

**Chak kilè**

\_\_\_\_\_

\$ \_\_\_\_\_

Chak semèn  Chak 2 semèn  Pa mwa

Lòt :

\_\_\_\_\_

\$ \_\_\_\_\_

Chak semèn  Chak 2 semèn  Pa mwa

Lòt :

\_\_\_\_\_

\$ \_\_\_\_\_

Chak semèn  Chak 2 semèn  Pa mwa

Lòt :

\_\_\_\_\_

\$ \_\_\_\_\_

Chak semèn  Chak 2 semèn  Pa mwa

Lòt :

Èske nenpòt moun vwayaje pou l ale ak / oswa soti kay moun k ap bay moun ki soukont li a swen ?

Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

<b><u>Non mou ki soukont ou a</u></b>	<b><u>Adrès moun k ap pran swen l la</u></b>	<b><u>Kantite vwayaj nan machin pa semèn</u></b>		<b><u>Si w pa kondui : Lajan w peye pou transpò piblik, taksi, kamyonèt, elatriye</u></b>
		<b><u>Pou ale</u></b>	<b><u>Pou retounen</u></b>	

## Depans medikal

Èske gen nenpòt moun ki gen, pou pi piti, 60 lane ak / oswa ki andikape ki gen depans medikal pou l fè ak lajan nan pòch li ?

Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

Non

Kalite depans la

Kantite depans total pa mwa pou

Swen medikal  Asirans sante  
 Swen dantè  Lòt (medikaman san preskripsyon, ekipman medikal, elatriye)  
 Medikaman yo

Swen medikal  Asirans sante  
 Swen dantè  Lòt (medikaman san preskripsyon, ekipman medikal, elatriye)  
 Medikaman yo

Swen medikal  Asirans sante  
 Swen dantè  Lòt (medikaman san preskripsyon, ekipman medikal, elatriye)  
 Medikaman yo

**REMAK :** Ou kapab jwenn avantaj pou depans ou responsab pou w fè menm si ou an reta oswa w pa ka peye yo. Pami depans medikal yo, genyen ko-peman yo, medikaman san preskripsyon yo, asirans lasante, bòdwo medikal yo, frè transpò ak plizyè lòt.

Èske nenpòt moun fè vwayaj ale retou pou swen medikal (tankou al nan famasi, kay doktè, terapet elatriye) ?

Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

<u>Non</u>	<u>Adrès pwofesyonèl k ap bay swen medikal la</u>	<u>Kantite vwayaj nan machin pa semèn</u>		<u>Lajan w peye pou estasyonman, transpò piblik, taksi, kamyonèt, elatriye</u>
		<u>Pou ale</u>	<u>Pou retounen</u>	

## Pwogram travay SNAP la

Èske nenpòt moun nan yon pwogram fòmasyon ki dire pou pi piti 80 èdtan pa mwa ?

Wi  Non

Si se **wi**, kilès ?

---

---

Èske nenpòt moun ap travay epi yo peye l sou fòm byen ak sèvis (travay an nati) ?

Wi  Non

Si se **wi**, kilès ?

---

---

Èske nenpòt moun ap fè estaj san yo pa peye l ?

Wi  Non

Si se **wi**, kilès ?

---

---

Èske nenpòt moun ap travay kòm volontè ?

Wi  Non

Si se **wi**, kilès ?

---

---

## SNAP nan lòt eta

Èske nenpòt moun te resevwa avantaj SNAP andeyò Massachusetts nan 30 dènye jou yo ?  Wi  Non

Si se **wi**, kilès ? \_\_\_\_\_



### Asistans ak aplikasyon an

Èske w ba nou pèmisyon pou nou kontakte yon moun oswa yon ajans si nou pa ka antre an kontak avè w nan telefòn ?\*

Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

Non moun nan oswa ajans la : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn li : \_\_\_\_\_

Adrès li : \_\_\_\_\_

\* Nou rele sa Moun / Ajans k ap ba w asistans. Wòl sa a bon sèlman pandan peryòd aplikasyon an.

### Otorizasyon pou pataje enfòmasyon

Èske w vle bay yon moun oswa yon ajans pèmisyon pou l pale ak DTA epi jwenn enfòmasyon konfidansyèl enpòtan konsènan dosye w la ?\*

Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

Non moun nan oswa ajans la : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn li : \_\_\_\_\_

Adrès li : \_\_\_\_\_

\* Wòl sa a pa ka rapòte chanjman yo oswa fè entèvyou yo. Pèmisyon ap ekspire apre yon lane.

### Reprezantan otorize pou sètifikasyon

Èske w vle bay yon ajans oswa yon moun ou fè konfyans pèmisyon pou siyen fòm yo, rapòte chanjman yo, fè entèvyou yo epi pale konsènan dosye w la avè n ?\*

Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

Non moun nan oswa ajans la : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn li : \_\_\_\_\_

Nimewo idantifikasyon federal  
anplwayè a (Ajans yo sèlman) : \_\_\_\_\_

\* Pèmisyon an valab jiskaske l anile.

### Reprezantan otorize yo pou fè transaksyon EBT yo

Èske w vle bay yon moun ou fè konfyans pèmisyon pou l jwenn yon kat EBT pou achte manje pou ou lè l itilize avantaj SNAP ou yo ?\*

Wi  Non

Si se **wi**, tanpri ranpli seksyon ki anba a :

Non moun nan: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn li : \_\_\_\_\_





Adrès li : \_\_\_\_\_

\* Yo dwe verifye idantite moun nan anvan yo ba l kat la. Pèmisyon an valab jiskaske l anile.

- Si w vle anile yon kat EBT yon Reprezantan Otorize genyen, rele nan 1-800-997-2555.
- Si w vle anile nenpòt nan wòl ki anwo a, rele nan 1-877-382-2363.

# Kisa k ap fèt apre sa ?

Tanpri, kenbe paj ki anba yo pou dosye w.

			
<b>Apèl telefonik</b>	<b>Voye verifikasyon w yo ale</b>	<b>Jwenn avantaj SNAP yo</b>	<b>Jwenn koneksyon</b>
N ap rele w pou yon entèvyou. Si nou pa ka jwenn ou, n ap voye yon lèt pa lapòs pou ba w yon randevou pou yon entèvyou nan telefòn. Ou ka rele nou tou nan 1-877-382-2363, lendi a vandredi ant 8:15-4:45, pou fè yon entèvyou.	Si l nesesè, n ap ba w yon lis dokiman pou w voye ba nou pou n ka verifye elijiblite w. Ou gen 30 jou apati dat ou te aplike a pou w voye dokiman yo ba nou. Fè n konnen si w bezwen èd !	N ap voye ba ou pa lapòs yon lèt sou desizyon nou an nan entèval 30 jou. Si w apwouve, n ap mete avantaj yo nan kat EBT w la. Si w pa kalifye, n ap di w poukisa.	Al nan DTACconnect.com, itilize aplikasyon DTA Connect mobile la oswa rele liy asistans DTA a nan 1-877-382-2363 pou w tcheke estati dosye w la, mizajou enfòmasyon dosye w la, telechaje dokiman ak yon pakèt lòt bagay !

Si w vle plis enfòmasyon oswa bezwen èd, rele **1-877-382-2363** oswa al nan [Mass.gov/DTA](https://www.mass.gov/DTA).

## RESOUS SIPLEMANTÈ YO

<b>Chemen pou al travay SNAP la :</b> Pou jwenn travay ak kote k ap bay fòmasyon al nan <a href="https://www.snappathtowork.org">SNAPpathtowork.org</a> . Remak : Sit sa a se pou sèlman kliyan SNAP yo li ye.	<b>SNAP-Ed :</b> Vizite sit entènèt Edikasyon sou nitrisyon SNAP la nan <a href="https://www.mahealthyfoodsinsnap.org">MAhealthyfoodsinsnap.org</a> pou w jwenn resèt ki bon pou lasante, ti konsèy pou w kuit manje ak mwayen pou kenbe fanmi an aktif !
<b>Massachusetts 2-1-1 :</b> Rele 211 pou w jwenn pwogram sèvis lasante ak imèn yo nan zòn lakay ou a.	<b>Project Bread :</b> Rele liy ouvè Project Bread's FoodSource nan 1-800-645-8333 pou w jwenn kote ki gen manje nan lokalite a.

# CHWA VERIFIKASYON W YO

- Ou Kapab itilize lis sa a pou w tcheke verifikasyon ou soumèt yo ak aplikasyon sa a. Sa ap ede konplete aplikasyon w lan pi vit !
- Si w pa gen tout prèv yo, ou PA bezwen ret tann pou w soumèt aplikasyon w lan ! Ou ka soumèt yo apre.
- Pou plis enfòmasyon al nan [Mass.gov/SNAPverifications](https://www.mass.gov/SNAPverifications).

- Si nenpòt moun nan fwaye a gen revni li touche nan travay li, voye prèv revni bri (anvan taks) a ba nou pou kat dènye semèn yo tankou :**
- Sous chèk oswa dosye peman
  - Prèv nenpòt lajan yo peye w ak kantite lè w travay
  - Si w se yon travayè endepandan, dokiman biznis ou a ki montre resèt ak depans biznis ou a tankou :
    - Fòm C a (nan fòm 1040 IRS la)
    - Fòm 1099 IRS la oswa lòt dosye taks yo
    - Lòt dosye tankou fakti yo, bòdwo yo oswa resi yo ki montre resèt ou yo ak / oswa depans biznis ou a

- Si nenpòt moun nan fwaye a gen lòt revni apa revni travay li, voye ba nou prèv kantite masyèl la tankou :**
- Lèt avantaj oswa pri l genyen an
  - Deklarasyon ki sot nan ajans la ki fè peman an
- REMAK :** Dabitid nou ka verifye poukont nou kantite lajan sekirite sosyal, SSI, pansyon alimantè pou timoun DOR oswa avantaj lajan chomaj ou nan MA. N ap fè w konnen si w bezwen verifye nenpòt nan bagay sa yo.

- Pou w pwouve ou rete nan Massachusetts, ou ka soumèt youn nan dokiman ki anba yo :**
- Resi lwaye, fèm oswa fòm verifikasyon pwopriyete a
  - Tit pwopriyete oswa papye ipotèk kay la, bòdwo sèvis piblik yo oswa kat elektè w
  - Fòm verifikasyon lojman pataje oswa deklarasyon yon moun ou rete nan kay la avè l

- Si nenpòt moun nan fwaye a ap peye pansyon alimantè pou timoun, tanpri voye ba nou :**
- Prèv obligasyon legal li pou l peye pansyon alimantè pou timoun nan (tankou òdonans tribinal la) ak
  - Prèv peman resan yo

- Si nenpòt manb nan fwaye a ki pa yon sitwayen ameriken ap aplike pou avantaj, tanpri soumèt prèv li pa sitwayen ameriken tankou :**
- Kat rezidans pèmanan l (« grinkat »)
  - Kat otorizasyon pou travay
  - Kat rezidans tanporè
  - Dosye arive-depa (I-94)
  - So ki nan paspò a
  - Lòt dokiman ki montre sitiyasyon migratwa aktyèl oswa dosye migratwa ki an atant
  - Deklarasyon yon avoka imigrasyon konsènan sitiyasyon migratwa aktyèl oswa dosye migratwa ki an atant

- Si nenpòt manb nan fwaye a se yon pèsòn aje ak / oswa andikape epi li gen depans medikal ki koute pou pi piti \$35 pa mwa, tanpri soumèt prèv depans yo (tankou bòdwo, fakti oswa resi yo). Ou kapab fè yon deklarasyon pèsònèl pou kèk depans transpò pou rezon medikal.**

## Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA) Avi sou Dwa, Responsablite ak Sanksyon

- Avi sa a bay lis dwa ak responsablite pou tout pwogram DTA yo. Ou dwe suiv règleman yo nan pwogram ou aplike pou yo a.
- Tanpri, li paj sa yo epi kenbe yo pou dosye ou.
- Fè DTA konnen si ou gen nenpòt kesyon.

### Mwen jire anba sanksyon fo temwayaj ke:

- Mwen te li enfòmasyon ki nan fòm sa a, oswa yon moun te li l pou mwen.
- Repons mwen yo nan fòm sa a yo vre ak konplè nan pi bon konesans mwen.
- Mwen pral bay DTA enfòmasyon ki vre ak konplè nan pi bon konesans mwen pandan entèvyou mwen an ak alavni.

### Mwen konprann ke:

- bay enfòmasyon ki fo oswa pou twonpe se fwòd,
- defòm oswa kenbe fè yo pou jwenn benefis DTA se fwòd,
- Fwòd konsidere kòm yon Vyolasyon Entansyonèl Pwogram nan (IPV), epi
- si DTA panse ke mwen te komèt fwòd, DTA ka pousuiv sanksyon sivil ak kriminel kont mwen.

### Mwen konprann tou ke:

- DTA pral verifye enfòmasyon m bay ak aplikasyon mwen an. Si nenpòt enfòmasyon fo, DTA gen dwa rejte benefis mwen yo.
- Mwen ka sijè tou a pousuit kriminel paske mwen bay enfòmasyon ki fo.
- Si DTA jwenn enfòmasyon de yon sous fyab konsènan yon chanjman nan fwaye m, montan benefis mwen ka chanje.
- Nan siyen fòm sa a, mwen bay DTA pèmision pou verifye kalifikasyon mwen pou benefis, tankou:
  - Jwenn enfòmasyon soti nan lòt ajans etatik oswa federal, otorite lojman lokal yo, depatman byennèt andeyò eta a, enstitisyon finansye yo, ak Equifax Workforce Solutions (Nimewo Travay la). Mwen bay ajans sa yo tou pèmision pou pataje enfòmasyon sou kalifikasyon fwaye mwen pou benefis ak DTA.
  - Si DTA itilize enfòmasyon soti nan Equifax sou revni fwaye mwen fè, m gen dwa a yon kopi gratis rapò Equifax mwen si mwen mande li nan espas 60 jou apre desizyon DTA a. Mwen gen dwa pou kesyone enfòmasyon ki nan rapò a. Mwen ka kontakte Equifax nan: Equifax Workforce Solutions, 11432 Lackland Road, Saint Louis, MO 63146, 1-800-996-7566 (gratis).
- Mwen gen dwa a yon kopi aplikasyon mwen an, ki enkli enfòmasyon ke DTA itilize pou deside sou kalifikasyon fwaye mwen ak montan benefis mwen. Mwen ka mande DTA yon kopi elektwonik aplikasyon ranpli a.

### Kijan DTA pral itilize enfòmasyon mwen?

Nan siyen anba a, mwen bay DTA pèmision pou jwenn enfòmasyon soti nan epi pataje enfòmasyon konsènan mwen menm ak manm nan fwaye m ak:

- Bank, lekòl, gou vènman, patwon, pwopriyete kay, konpayi sèvis itilite ak lòt ajans pou verifye si m kalifye pou benefis.
- Konpayi, elektrik gaz ak telefòn pou m ka jwenn rabèsèvis itilite. Konpayi yo pa ka pataje enfòmasyon m oswa itilize li pou okenn lòt objektif.
- Depatman Lojman ak Devlopman Komünite pou enskri mwen nan Pwogram Heat & Eat la. Pwogram sa a ede moun jwenn plis benefis SNAP pou si b.
- Depatman Early and Secondary Education pou pitit mwen yo ka jwenn manje lekòl gratis.
- Pwogram, Woman, Infants and Children (WIC) la pounenpòt timoun anbalaj 5 oswa fanmansent nan fwaye m ka jwenn WIC.
- Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS), pou verifye estati imigrasyon mwen. Enfòmasyon ki soti nan USCIS ka afekte kalifikasyon fwaye mwen ansanm ak montan benefis DTA yo.

*Remak: Menm si ou pa kalifye pou benefis akòz estati imigrasyon w, DTA pral rapòte w bay otorite imigrasyon sof si ou montre DTA yon òdonans final pou depòtasyon.*

- Depatman Revni an (DOR) pou verifye kalifikasyon mwen pou kredi taks ki baze sou revni, tankou revni mwen fè ak revni limite, ak pou wè si mwen kalifye pou "Estati san Taks" oswa estati nan difikilte.
- Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) pou kowòdone sèvis ke DTA ak DCF yo ofri ansanm.

### Kijan DTA itilize Nimewo Sekirite Sosyal (NSS yo)?

DTA gen dwa mande pou NSS yo dapre Lwa 2008 sou Manje ak Nitrisyon (7 USC 2011-2036) pou SNAP ak anba MGL c. 18 Seksyon 33 pou TAFDC ak EAEDC. DTA itilize NSS yo ou pou:

- Verifye idantite ak kalifikasyon chak manm nan fwaye a mwen te aplike pou yo atravè pwogram matche done.
- Kontwòle konfòmite ak pwogram règleman yo.
- Kolekte lajan si DTA deklare ke mwen te resevwa benefis ke mwen pa te kalifye pou yo.
- Ede ajans ki fè respekte lalwa yo jwenn moun ki nan kache pou lalwa.

Mwen konprann ke mwen pa oblije bay DTA NSS okenn moun nan fwaye mwen ki pa sitwayen ameriken, ki enkli mwen menm, ki pa vle benefis. Revni yon moun ki pa sitwayen ameriken ka konte menm si moun ki pa sitwayen ameriken an pa resevwa benefis.

### **Dwa a yon entèprèt**

Mwen konprann ke:

- Mwen gen dwa a yon entèprèt pwofesyonèl gratis ke DTA founi si m prefere kominike nan yon lang ki pa angle
- Si m gen yon odyans DTA, mwen ka mande DTA pou ban mwen yon entèprèt pwofesyonèl gratis, oswa si m prefere, mwen ka vini ak yon moun pou entèprete pou mwen. Si m bezwen pou DTA ban mwen yon entèprèt pou yon odyans, mwen dwe rele Divizyon Odyans lan omwen yon semèn avan dat odyans lan.

### **Dwa pou Enskri pou Vote**

Mwen konprann ke:

- Mwen gen dwa enskri pou vote atravè DTA.
- DTA pral ede m ranpli fòm aplikasyon enskripsyon elektè a si mwen vle èd.
- Mwen ka ranpli fòm aplikasyon enskripsyon elektè a an prive.
- Aplike pou enskri oswa refize enskri pou vote pa pral afekte benefis DTA mwen yo.

### **Opòtinite Travay**

Mwen dakò ke DTA ka pataje non ak enfòmasyon kontak mwen ak founisè travay ak fòmasyon, ki enkli:

- Founisè SNAP Path Work oswa espesyalis DTA pou kliyan SNAP; ak
- Founisè Travay ak Fòmasyon sou kontra oswa Travayè ak Angajman Konplè pou kliyan TAFDC yo.

Kliyan SNAP yo ka patisipe volontèman nan sèvis edikasyon ak fòmasyon travay atravè pwogram SNAP Path to Work la.

### **Estati Sitwayènte**

Mwen jire ke tout manm nan fwaye mwen k ap aplike pou benefis DTA se swa sitwayen ameriken, swa rezidan legal ki pa sitwayen ameriken.

## **Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemanè**

**Mwen konprann ke:**

- DTA jere pwogram SNAP la nan Massachusetts.
- Lè mwen ranpli yon aplikasyon ak DTA (pa telefòn, sou entènèt, an pèsòn, oswa pa lapòs oswa faks), DTA gen 30 jou apati dat li resevwa aplikasyon mwen an pou deside si mwen kalifye.
  - Si mwen kalifye pou SNAP rapid (ijans), DTA dwe ban mwen SNAP epi fè si ke mwen gen yon kat Transfè Elektwonik Benefis (EBT) nan espas 7 jou apati dat yo resevwa aplikasyon mwen an.
  - Mwen gen dwa pale ak yon sipèvizè DTA si:
    - DTA di ke m pa kalifye pou benefis SNAP ijans, men mwen pa dakò.
    - Mwen kalifye pou benefis SNAP ijans, men mwen pa resevwa benefis mwen yo nan 7yèm jou apre mwen te fin aplike pou SNAP.
    - Mwen kalifye pou benefis SNAP ijans men mwen pa resevwa kat EBT mwen nan 7èm jou apre mwen te fin aplike pou SNAP.
- Lè mwen jwenn SNAP, mwen dwe satisfè sèten règleman. Lè yo apwouve m pou SNAP, DTA pral ban mwen yon kopi bwochi “Dwa w yo pou Konnen” ak bwochi Pwogram SNAP la. Mwen pral li bwochi yo oswa fè yon moun li yo pou mwen. Si mwen gen nenpòt kesyon oswa si mwen bezwen èd pou li oswa konprann enfòmasyon sa yo, mwen ka rele DTA nan 1-877-382-2363.
- **Enfòmè DTA konsènan chanjman nan fwaye mwen:**
  - Si mwen se yon fwaye SNAP Rapò Senplifye, mwen pa oblije rapòte pifò chanjman bay DTA jiskaske dat limit Rapò Pwovizwa a oswa Resètifikasyon an rive. Sèl bagay mwen dwe rapòte pi bonè se:
    - Si revni fwaye mwen depase limit revni brit la (ki endike nan lis avi apwobasyon mwen an).
      - Mwen dwe rapòte sa a nan 10èm jou nan mwa apre mwa a revni mwen te depase limit la.
    - Si m oblije satisfè Règleman Travay Adilt Kapab ki pa gen Depandan yo (ABAWD) epi valè èdtan travay mwen yo diminye pi ba pase 20 èdtan pa semèn.

- Si tout moun nan fwaye mwen gen 60 an oswa plis, andikape, oswa ki poko gen 18 an, epi pèsonn pa gen salè nan travay, sèl bagay mwen dwe rapòte se:
  - Si yon moun kòmanse travay, oswa
  - Yon moun vin abite nan oswa kite fwaye mwen.
    - Mwen dwe rapòte chanjman sa yo nan limit 10èm jou nan mwa apre mwa chanjman an.
- Si mwen resevwa SNAP atravè Altènatif Benefis Tranzisyonèl (TBA) paske TAFDC mwen te sispann, mwen pa oblije rapòte okenn chanjman bay DTA pandan 5 mwa yo kote mwen jwenn TBA.
- Si mwen resevwa SNAP atravè Bay State CAP, mwen pa oblije rapòte okenn chanjman bay DTA.

Si mwen menm ak tout moun nan fwaye mwen resevwa asistans kach (TAFDC oswa EAEDC), mwen dwe rapòte sèten chanjman yo bay DTA nan espas 10 jou apre chanjman an. Gade **Kilè mwen bezwen deklare bay DTA chanjman nan fwaye mwen?** anba **Èd Tranzisyonèl pou Fanmi ki gen Timoun Depandan (TAFDC) ak Èd Ijans pou Granmoun Aje, Andikape, ak Timoun (EAEDC)** anba a.

Mwen gen dwa resevwa plis avantaj SNAP si mwen rapòte epi bay prèv DTA pou bagay sa yo, nenpòt lè:

- Depans pou swen timoun oswa lòt depandan, depans pou lojman, ak/oswa depans pou sèvis itilite;
- Sipò pou timoun ke mwen (oswa yon moun nan fwaye mwen) legalman oblije peye a yon manm ki pa fè pati fwaye a; ak
- Depans medikal pou manm nan fwaye mwen, ki enkli tèt mwen, moun ki gen 60 an oswa plis oswa moun andikape.

**Règleman travay pou kliyan SNAP:** Si ou resevwa benefis SNAP epi ou gen ant 16 ak 59 an ou ka bezwen satisfè règleman jeneral travay SNAP oswa règleman travay ABAWD yo sof si ou egzante. DTA pral di m ak manm nan fwaye mwen si nou bezwen satisfè nenpòt nan Règleman Travay yo, kisa egzanpsyon yo ye, ak kisa ki pral rive si nou pa satisfè règleman yo.

Si w anba Règleman Travay SNAP:

- Ou dwe enskri pou travay pandan aplikasyon an ak lè ou resètifye pou SNAP. Ou enskri lè ou siyen aplikasyon SNAP la oswa fòm resètifikasyon an.
- Ou dwe bay DTA enfòmasyon sou estati travay ou lè DTA mande w li.
- Ou dwe prezante kote yon anplwayè si DTA refere w.
- Ou dwe aksepte yon òf travay (sòf si ou gen yon rezon valid pou pa fè sa).
- Ou pa dwe kite yon travay ki gen plis pase 30 èdtan pa semèn san yon rezon valid.
- Ou pa dwe koupe nan lè travay ou pou mwens pase 30 èdtan pa semèn san yon rezon valid.

#### Règleman SNAP

- Pa bay enfòmasyon ki fo oswa kache enfòmasyon pou ka jwenn benefis SNAP.
- Pa fè echanj ni vann benefis SNAP.
- Pa modifiye kat EBT yo pou ka jwenn benefis SNAP ou pa kalifye pou yo.
- Pa sèvi ak benefis SNAP yo pou achte bagay ki pa kalifye, tankou bwason ki gen alkòl ak tabak.
- Pa sèvi ak benefis SNAP oswa kat EBT yon lòt moun sof si ou se yon reprezantan otorize, oswa benefisyè a ba ou pèmasyon pou itilize kat yo nan non yo.

#### Avètisman SNAP sou Sanksyon

Mwen konprann ke si mwen menm oswa nenpòt manm nan fwaye SNAP mwen entansyonèlman vyole nenpòt nan règleman ki endike anlè yo, moun sa a pa pral elijib pou SNAP pou *yon ane* apre premye vyolasyon an, *de zan* apre dezyèm vyolasyon an ak pou *toujou* apre twazyèm vyolasyon an. Moun sa a ka peye tou amann jiska \$ 250,000, pran prizon jiska 20 an, oswa toulède. Yo ka sijè tou a pousuit jidisyè dapre lwa federal ak etatik yo.

Mwen konprann tou sanksyon ki anba yo. Si mwen menm oswa yon manm nan fwaye SNAP mwen:

- Komèt yon **pwogram kach** Vyolasyon Entansyonèl Pwogram (IPV), li pa pral kalifye pou SNAP pou menm peryòd li pa kalifye pou asistans kach la.
- Fè yon fo deklarasyon konsènan idantite oswa rezidans li pou li ka resevwa plizyè benefis SNAP *an menm tan* li pa pral kalifye pou SNAP pou **dis an**.
- Fè komès (achte oswa vann) benefis SNAP pou yon sibstans kontwole/dwòg ilegal(yo), yo pa pral kalifye pou SNAP pou **de zan** pou premye dekouvet la, ak **pou toujou** pou dezyèm dekouvet la.
- Fè komès (achte oswa vann) benefis SNAP pou zam afe, minisyon oswa eksplozif, yo pa pral kalifye pou SNAP **pou toujou**.

- Fè yon òf pou vann benefis SNAP oswa yon kat EBT sou entènèt oswa an pèsòn Eta a ka pousuiv yon IPV kont yo.
- Peye pou manje ou te achte kredi pa pral kalifye pou SNAP.
- Achte pwodui ki gen benefis SNAP ak entansyon pou jete kontni yo epi retounen resipyan yo pou kach yo pa pral kalifye pou SNAP.
- Sove pou evite pousuit jidisyèl, prizon oswa konfinman apre kondanasyon pou yon krim yo pa pral kalifye pou SNAP.
- Vyole pwobasyon oswa libète pwovizwa, kote ki fè respekte lalwa ap aktivman chache arete yo, yo pap kalifye pou SNAP.

Nenpòt ki moun ki te tounen yon kriminèl kondane apre 7 fevriye 2014 pa kalifye pou benefis SNAP si yo se yon kriminèl ki nan sove oswa si yo ap vyole pwobasyon oswa libète pwovizwa - dapre 7 CFR §273.11 (n) - **epi** yo te kondane kòm yon adilt pou:

1. Abi seksyèl grav anba seksyon 2241 nan tit 18, USC;
2. Touye moun anba seksyon 1111 nan tit 18, USC;
3. Nenpòt ofans anba chapit 110 nan tit 18, USC;
4. Yon ofans Federal oswa Etatik ki enplike atak seksyèl, jan sa defini nan seksyon 40002 (a) nan VAWA 1994 la (42 USC 13925a); oswa
5. Yon ofans dapre lwa Eta ke Pwokirè Jeneral la jije sanble anpil ak yon ofans ki dekri nan lis sa a.

### Deklarasyon Non-Diskriminasyon

Konfòmman ak Lwa Federal sou dwa sivil ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Etazini (USDA) USDA, Ajans li yo, biwo, ak pèsònèl, ak enstitisyon k ap patisipe oswa administre pwogram USDA yo entèdi pou fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil ki te pase avan nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki fèt oswa ki te finanse pa USDA.

Moun yo ki gen andikap ki bezwen mwayen altènatif pou kominikasyon enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp Bray, gwo ekriti, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans lan (etatik oswa lokal) kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud, mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. Anplis, enfòmasyon sou pwogram nan ka disponib nan lang ki pa angle.

Pou pote yon plent kont diskriminasyon nan pwogram nan:

- Ranpli Fòm Plent kont Diskriminasyon Pwogram USDA a, (AD-3027) ke w ap jwenn sou entènèt nan: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/usda-program-discrimination-complaint-form.pdf>, ak nan nenpòt biwo USDA. Ou ka mande yon kopi fòm plent lan nan rele 1-866-632-9992; oswa
- Ekri yon lèt adrese bay USDA epi mete nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòm nan.

Depoze fòm ou ranpli a oswa lèt la bay USDA pa mwayen:

- sèvis lapòs: Depatman Agrikilti Etazini, Biwo Sekretè Adjwen pou Dwa Sivil, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, DC 20250-9410;
- Faks: 1-202-690-7442; oswa
- imel: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.

### Èd Tranzisyonèl pou Fanmi ki gen Timoun Depandan (TAFDC) ak Èd Ijans pou granmoun aje, andikape, ak timoun (EAEDC)

TAFDC ak EAEDC se pwogram asistans kach. Pou aprann plis ak pou aplike, vizite [DTAConnect.com](http://DTAConnect.com) oswa rele biwo lokal DTA w la. Enfòmasyon sa a aplikab sèlman pou fwaye k ap aplike pou oswa resevwa TAFDC oswa EAEDC.

### Kilè mwen bezwen pale ak DTA konsènan chanjman nan fwaye mwen?

Mwen dwe pale ak DTA konsènan chanjman ki ka afekte TAFDC oswa EAEDC mwen (benefis kach) **nan espas 10 jou**, sof ke mwen pa oblije di DTA konsènan yon chanjman nan salè mwen ki mwens pase \$ 100 pa mwa. Sa enkli chanjman nan revni m, adrès, ak ki moun m ap viv, gwo sè fwaye, travay, ak asirans sante.

### Kijan pou m jwenn asirans sante?

- Si m resevwa TAFDC oswa EAEDC, mwen pral resevwa MassHealth tou.
- Si yo refize m TAFDC oswa EAEDC, MassHealth pral itilize enfòmasyon mwen yo pou wè si mwen ka lifye p o u asirans sante.
- Si EAEDC mwen sispann, mwen bezwen aplike pou MassHealth separeman. Pou mande yon aplikasyon rele 1-800-841-2900.

Si mwen resevwa MassHealth, mwen dakò ke MassHealth ka kolekte:

- lajan mwen dwe nan yon lòt sous pou swen medikal mwen, epi
- sipò medikal nan men paran absan nenpòt timoun ki poko gen laj 19 an ki resevwa benefis MassHealth.



### Èske gen règleman espesyal si m kalifye sèlman akòz yon aksidan oswa blesi?

Si fanmi mwen resevwa benefis nan men MassHealth oswa DTA akòz yon aksidan oswa blesi, m dwe itilize nenpòt lajan mwen resevwa pou aksidan an oswa blesi a pou ranbouse yo. Lajan an ta ka soti nan yon politik asirans, yon rezolisyon, oswa nenpòt lòt sous. Sa aplikab menm si m pa konnen ki sa sous posibyo pou lajan yedeja.

Mwen dakò pou kolabore ak MassHealth ak DTA nan:

- Depoze reklamasyon pou lajan ki soti nan lòt sous .
- Deklare bay MassHealth ak DTA tousuit konsènan nenpòt reklamasyon asirans, pwosè, oswa lòt pwo s esis pou jwenn lajan.
- Bay MassHealth ak DTA nouvo enfòmasyon lè mwen genyen li.

Si m pa kolabore, MassHealth ak DTA ka sispann oswa rejte benefis mwen yo. Mwen dakò ke MassHealth ak DTA ka:

- Pataje enfòmasyon sou benefis mwen yo pou kolekte lajan pou ranbouse benefis sa yo.
- Gade tout dosye sou lajan mwen ta ka jwenn akòz aksidan an oswa blesi, tankou dosye nan Depatman aksidan endistriyèl yo.

Si m ap resevwa EAEDC paske mwen gen yon andikap oswa mwen gen plis pase 65 an, mwen dwe aplike pou benefis Revni Sekirite Siplèmanntè federal (SSI). Si yo apwouve m pou benefis SSI ki kouvri menm peryòd ke mwen te resevwa EAEDC, Administrasyon Sekirite Sosyal la pral voye kèk nan SSI retroaktif mwen bay DTA pou ranbouse EAEDC a.

### Avi Enpòtan konsènan Lwa ak Benefis ou yo

Yon Vyolasyon Entansyonèl Pwogram (IPV) se bay entansyonèlman yon deklarasyon ki fo oswa pou twonpe oswa defòme, kache, oswa kenbe fè, swa oralman oswa alekri, nan bi pou etabli oswa kenbe kalifikasyon pou TAFDC oswa EAEDC, oswa jwenn benefis mwen pa gen okenn dwa jwenn.

Si yon tribinal, yon odyans diskalifikasyon administratif, jwenn mwen koupab de yon IPV, oswa nan siyen yon egzansyon, mwen pral diskalifye pou resevwa benefis TAFDC oswa EAEDC pou yon peryòd:

- 6 mwa pou premye vyolasyon an
- 12 mwa pou dezyèm vyolasyon an
- pou toujou pou twazyèm vyolasyon an

An plis, lòt lwa ka aplike.

### Entèdiksyon sou Acha Kat EBT

Mwen konprann ke li ilegal pou itilize lajan TAFDC oswa EAEDC ki sou yon kat transfè elektwonik benefis (EBT) pou peye pou bagay sa yo: bwason ki gen alkòl; pwodui tabak; tikè lotri; materyèl oswa pèfòmans ki fèt pou adilt; jwèt aza; zam afe ak minisyon; sèvis vakans; tatoo; kò pèse kò; bijou; televizyon; steryo; jwèt videyo oswa konsola nan magazen lwe pou achte; marigwana pou lwazi; frè tribinal te òdone; amann; kosyon oswa lajan kosyon.

### Entèdiksyon sou Kote mwen ka Itilize Kat EBT mwen an

Mwen konprann ke li ilegal pou mwen itilize kat transfè elektwonik benefis mwen an (EBT) nan kote sa yo: libreri pou adilt; magazen ekipman pou adilt oswa etablisman pèfòmans oryante pou adilt; minisyon dilè; kazino; kazino jwèt aza oswa etablisman jwèt; bato kwazyè; dilè zam afe; magazen bijou; magazen likè; boutik maniki oswa boutik estetik; ajans transmisyon lajan kach nan peyi etranje; magazen marigwana pou lwazi oswa salon tatoo.

### Sanksyon pou acha entèdi ak kat kach EBT

- **Premye ofans:** Mwen dwe remèt DTA montan ki te depanse a.
- **Dezyèm ofans:** Mwen dwe remèt DTA montan ki te depanse a epi mwen pral pèdi benefis kach pou **de mwa**.
- **Twazyèm Ofans:** Mwen dwe remèt DTA montan ki te depanse a epi pral pèdi benefis kach **yon fason pèmanan**.

Siyati:

**Nan siyen aplikasyon sa a, mwen sètifye ke mwen konprann epi dakò ak "Dwa, Responsablite ak Sanksyon yo."**

**Siyati Aplikant:** \_\_\_\_\_

**Dat:** \_\_\_\_\_